# QARAQALPAQ XALÍQ BAQSÍSÍ GÚLNARA ALLAMBERGENOVA

*Ózbekistan mamleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

*"Muzıka kórkem óneri" fakulteti 2-kurs studenti*

***Tursınbaeva Umida***

*Ilimiy basshı:* ***Kamalova Gúlmaryam***

**Annatotsiya:** Bul maqala qaraqalpaq xalıq baqsısı Gúlnara Allambergenovanıń ómiri hám dóretiwshiligi baqıshılıq ónerine qosqan úlesi ilim jolı haqqında maǵlıwmat berilgen.

**Gilt sózler:** Baqsı, nama, ustaz, shákirt, duwtar, tańlaw, kórkem óner, mádeniyat, awıl.

**Аннотация:** В данной статье представлена информация о жизни и творчестве каракалпакской народной бахши Гульнары Алламбергеновой, ее вкладе в искусство бахши.

**Ключевые слова:** Бахши, напев, учитель, ученик, дутар, конкурс, искусство, культура, село.



**Annotation:** This article provides information about the life and work of Karakalpak folk bakhshi Gulnara Allambergenova, her contribution to the art of bakhshi.

**Keywords:** Bakhshi, melody, teacher, student, dutor, competition, art, culture, village.

Qaraqalpaq kórkem-ónerinde belgili qız baqsılar

bolǵan. Olar ózleriniń bálent lapızları menen xalqımız arasında tanılǵan. Solar qatarında óziniń talantı menen xalqımız kewlinen jay alǵan baqsı qızlardıń biri Gúlnara Allambergenova 1970-jılı 10-iyulda Shımbay rayonında dúnyaǵa kelgen.

1977-jılı Shımbay rayonındaǵı Myuchirin atındaǵı orta arnawlı meptepke 1-klassqa oqıwǵa baradı. 1982-jılı nókis qalasına kóship kelgennen soń 5-klasınnan baslap oqıwın usı jerde dawam ettiredi. Mektep dáwirinen baslap-aq, Respublikamızdaǵı 1-sanlı mádeniyat úyindegi «Qırıq qız» duwtarshılar ansambline qatnasa baslaydı. Bul ustazları Sonya Karimova, Gúlbaxar Rametova hám Aruxan apalardan birqansha saz hám qosıqlardı úyrenip, kóplegen tańlawlarǵa qatnasıp, jeńimpaz boladı. Kúnnen kúnge lapızı qábileti qatarına qaraǵanda óse beredi. Bul qábilet dayı jurtınnanda ákesi táreptende ótken.

Atası Ismayil Allambergenov hosh hawaz qosıqshı bolıp, qosıq aytqandaa búlbúl sıyaqlı adamlardı ózine tartıp esitken adam qosıǵın tawıspasa, qasımızdan ketpese eken degen sózlerdi aytatuǵın bolǵan. Ómiri hám dóretiwshiligi urıs jıllarına tuwra kelip ullı watandarlıq urısına ketip er jigitlik waziypasın atqaradı. Waqıt ótip biydárek joytılǵanlar qatarınnan atı shıǵadı. Al. Dayısı Baxıt Esenovtıń ashıq dawısı menen aktyorlıq sheberligide kúshli bolǵan. G.Allambergnovanıń muzıka mádeniyatına kirip keliwine usı eki insan sebepshi boladı.

Ákesi Allambergenova Yusupbay 1928-jılı shımbay rayonında dúnyaǵa keledi. Orta arnawlı mektepti tamamlaǵannan soń Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń “rus tili hám ádebiyatı” fakultetin oqıp tamamlaydı. Óz zamanınıń sawatı kúshli basqarıwshılıq qábiletide bar bolǵanı ushın awılında tek ǵana rus tili muǵallimi bolıp qoymastan 1-Savxoz partkomı lawazımında óz iskerligi menen xalıqqa xizmet etken.

Anası Qoshmuratova Qallıxan 1936-jılı 1-fevralda shımbay rayonı “qırıq” awılında dúnyaǵa kelgen. Ol qolı gúl sózge sheshen hayal bolǵan. Kórpeshe quraq, kiyim balaları hám awıl adamlarına qıs aylarında shulıq hám qolqap toqıp beretuǵın bolǵan. Úlgili shańaraq bolıp jeti perzentti dúnyaǵa keltirgen. Dáslepki waqıtları

bala tárbiyası menen shuǵıllanǵan. Balaları er jetkennen soń awılındaǵı bir mektepte asxanasında aspaz bolıp óz qolları menen tayarlanǵan mazalı taǵamların mektep oqıwshılarına usınǵan. Ómirlik joldası dúnyadan ótkennen soń Nókis qalasına kóship kelip jumısın Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń asxanasında aspaz bolıwın dawam ettirgen. Jeti perzentiniń tárbiyası menen óz shuǵıllanǵan. Xojalıqtıń bárshe awırmashılıǵı bir óziniń moynında tursada hesh qashan nalınbaytuǵın márt, kúshli hayal bolǵan.

1987-jılı mektepti tabıslı tamamlaǵannan soń, baqsıshılıq ónerine degen qızıǵıwshılıǵı onı J.Shamuratov atındaǵı kórkem-óner bilim jurtına jetelep keledi. Ol jerde xalıq sazlar bóliminde duwtar klası boyınsha ustazı Baxtıbay Saparovtan milliy muzıka sırların úyrenedi. Óziniń hosh hawazı, joqarı lapızı menen qosıq atqarıp kózge túsken G.Allambergenova, óz qánigeligin ele de jetilistirip bayıtıw maqsetinde 2000-jıl Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń «Muzıkalıq tálim» bólimine oqıwǵa kirip, bul jerde Qaraqalpaqstan xalıq artisti belgili baqsı T.Qurbanovqa shákirt boladı. «Ustazı jaqsınıń, ustamı jaqsı» degendey G.Allambergenova ustazınan xalıq namaların, qosıqlarınıń aytılıw jolları hám baqsıshılıq jolın tereńnen meńgerip, xalıq dástanların atqarıwdı da itibardan shette qaldırmadı. Ol jerde oqıp júrip, 2000-jılı Tashkent qalasında ótkerilgen mádeniyat kúnlerinde T.Qurbanov atqarǵan qosıqlarǵa shıńqobız namasın qosıp, shertip shıqqan edi. Sonday-aq, Hindistanda ótkerilgen «Ullı jipek jolı» festivalında hám sol jıldıń iyun ayında Franciya mámleketi Parij qalasında hám Shvecariya mámleketi Jeneva qalasında ótkerilgen xalıq aralıq festivalına qatnasıp, úlken ruwxlanıwshılıq, ayrıqsha kúsh-jiger menen xalqımız nama hám qosıqların shet elli doslarımızdıń dıqqat itibarına inám etiwdey quwanıshqa eristi.

2003-jılı Samarqand qalasında ótkerilgen «Sharq taronalari» xalıq aralıq festivalına qatnasıp «Ofarin» sıylıǵı menen sıylıqlandı. Universitette oqıp júrip-aq, bunday joqarı jetiskenliklerge erisip, ustazınıń miynetin aqlaǵan, xalqımız mádeniyatın shet mámleketlerge tanıtqan G.Allambergenova 2004-jılı Universitetti

tabıslı tamamlaydı. Dóretiwshilikten hasla uzaqlaspaǵan Gúlnara 2004-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyası janındaǵı Genjebay baqsı atındaǵı «Muxalles» duwtarshılar ansambline sazende-baqsı bolıp jumısqa kiredi.

2005-jılı Gollandiya mámleketinde bolıp ótken «Ullı jipek jolı» festivalında, Belgiya hám basqa da birqansha qalalarda ótkerilgen koncert dástúrlerine ustazı hám baqsılar ansambli menen birgelikte belsene baǵdarlamalarına qatnasıw imkaniyatına iye boladı. 2006-jılı «Tashkent diyor ohanglari» festivalında qatnasıp, birinshi orın menen sıylıqlanadı hám sol jıldıń ózinde «Qaraqalpaq filmi» tárepinen súwretke alınǵan «Qız baqsı» hújjetli filminde baqsı qız obrazın jaratadı. G.Allambergenova 2007-jılı Marǵulan qalasınıń 2000-jıllıǵına arnalǵan bayramda, sonıń menen bir qatarda Qazaqstan Respublikası Alma-ata qalasında bolıp ótken «Dala duman» festivalında óziniń keń repertuarı menen qatnasadı. Bul festivalda ol Alma-ata teleradiokompaniyasınıń altın fondına janlı hawazda bir qansha qosıqların jazdırıp qaldıradı. Sonday-aq, 2007-jılı Túrkmenstan Respublikası Ashqabadta bolıp ótken túrkiy xalıqlarınıń folklor festivalına «Muxalles» duwtarshılar ansambli quramında baradı. Dóretiwshilikke ózin baǵıshlaǵan, óz kásibiniń pidáyi jankúyeri bolǵan G.Allambergenova bunnan basqa da kóplegen ellerdegi festivallarda ayrıqsha talantı menen qatnasıp kelmekte.

2008-jılı «Áyyemgi Xorezm mádeniyatı» festivalında hám qaraqalpaq xalıq qosıqlarına baǵıshlanıp, «Aral fondı» tárepinen shólkemlestirilgen, Shvetciya mámleketleriniń Stokgolm hám Upsala qalalarında ótkerilgen seminarlarda qatnasıp, úlken tásirler menen qaytadı. 2010-jılı «Mustaqillik oliy saodat shiyori» atamasında ótkerilgen «Hayallar» forumınıń eń sheber qosıq atqarıwshısı jónelisi jeńimpazı bolıp, diplom menen sıylıqlanadı. Sonday-aq, sol jıldıń ózinde belgili qaraqalpaq baqsılarınıń biri Esjan Qospolatovtıń húrmetine baǵıshlanıp «Ómirdiń úsh paslı» filminde «Qánigúl» baqsı obrazın jaratadı.

Bulardıń bári baqsı qızdıń qıyal ármanına túrtki jasadı desek qátelespeymiz. Folklorımızdıń altın ǵáziyne ekenligin shet-elli alımlar, muzıka izertlewshileri júdá

jaqsı biledi hám húrmet penen qaraydı. Mine, bul baylıǵımızdı júzege shıǵarıwda Gúlnaranıń da úlesi bar. Shetelli hám tuwısqan xalıqlardaǵı tamashagóylerge xalıq qosıqları hám namaların jańlatıp, ózindegi bar talanttı rawajlandırıp, ónerdiń tereń mashaqatlı jolların úyreniwdegi baqsı qızdıń tabıs- nátiyjeleri júdá kóp. 2010-jılı ǵárezsizligimizdiń 19-jıllıǵına baǵıshlanıp «Dástan atqarıwshı baqsılardıń respublikalıq tańlawı»nda ayrıqsha dárejede atqarıwshılıq sheberligi ushın birinshi orındı alıw baxtına erisip, diplom menen sıylıqlanıwı bunıń jáne bir mısalı. Eń quwanıshlısı 2011-jıl G.Allambergenovaǵa «Qaraqalpaq xalıq baqsısı» húrmetli ataǵı berildi.

Onıń jaǵımlı hawazı búgingi kúni de kópshilikti qayıl qaldırıp, eller boylap jańlap atır. Ol 2016-jılı may ayınıń 20-25 aralıǵında Qazaqstan Respublikası Alma-ata qalasınıń 1000 jıllıq merekesine baǵıshlanıp ótkerilgen «Mıń jıldıqtar dawısı» atlı jırshılar festivalında bir saat dawamında «Gárip ashıq» dástanın atqardı hám bul janlı hawaz Qazaqstan teleradiokompaniyasınıń altın fondına jazıp qaldırıldı.

Tek ǵana dóretiwshilik penen shuǵıllanıp qoymastan bir neshe jıllar dawamında nókis mádeniyat kám kórkem óner kollejinde “Milliy muzıka bóliminde” oqıtıwshılıq qılıp shákirt tayarlap kiyatır. Atap aytqanda Gúlayim Óteshova menen birge 2019-jılı Qazaqstan Respublikası Alma-ata qalasında shólkemlestirilgen “Ullı dala eli” kórik tańlawında qaraqalpaq xalıq namalarınnan atqarıp sıylı orınlardı alıwǵa miyasar boladı.

Besikten qábirge shekem bilim izle degenindey 2021-2023 jılları Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń Magistratura basqıshın oqıp tamamlaydı. Soń iskerligin Ózbekistan mámleketlik mádeniyat institutı nókis filiyalında ustazlıq etip kórkem ónerimizdń ilimiy izertleniwi miynetleriniń arqasında professor ataǵın alıwǵa ılayıq kórilgen. Biz G.Allambergenova ustazımızǵa kúsh jiger hám aldaǵı jumıslarında tabıslar tileymiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. G.Kamalova U.Tursınbaeva “Qaraqalpaq milliy muzıka atqarıwshıları” (biografiyalıq ocherk)

2. G.Kamalova “Qaraqalpaq muzıka tariyxı” Nókis

3.D.Allanazarov “Qaraqalpaq sazları” Nókis

4. A.Erejepov “Qaraqalpaq milliy saz ásbapları”

5. G.Kamalova G.Orazalieva “Duwtar zawqı” Nókis-2023

6. G.Kamalova A.Muratbaeva “Qaraqalapaq xalıq maqtanıshı” Nókis-2023